




Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 2
May 10 and 11, 2005

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

Matematik

Liv 2



10 e 11 me, 2005

Non _____

Ti konsèy pou swiv lè ou ap pran egzamen an

Men kèk sijesyon nou fè pou ede ou fè maksimòm ou nan egzamen sa a:

- Fòk ou li ak atansyon tout esplikasyon yo ba ou nan liv egzamen an.
- Planifye tan ou. Li ta ka bon pou ou voye zye rapid sou tout seksyon an anvan ou kòmanse reponn kesyon yo pou ka planifye tan ou.
- Ou kapab sèvi ak enstriman ou yo pou yo ede ou rezoud nenpòt pwoblèm nan egzamen an.
- Li chak kesyon ak atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri yon repons.
- Fòk ou montre travay ou lè yo mande ou pou ou fè sa. Ou kapab resevwa yon pati nan pwèn yo si ou montre travay ou fè.
- Sèvi ak kalkilatriks ou pou ou rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.




Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak règ yo ba ou a.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak rapòtè yo ba ou a.

FÓMIL

Fèy referans matematik



Solid rektangilè


$$\text{Sifas total} = 2(lw) + 2(hw) + 2(lh)$$



Silenn sikilè

$$\text{Sifas total} = 2\pi rh + 2\pi r^2$$

$$\text{Volim} = \pi r^2 h$$



Teorèm Pitagò

$$c^2 = a^2 + b^2$$

Trigonometri

$$\sin A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{ipoteniz}}$$

$$\cos A = \frac{\text{kote adjasan}}{\text{ipoteniz}}$$

$$\tan A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{kote adjasan}}$$

TABLO TRIGONOMETRIK

Degre	Sinis	Kosinis	Tanjent
0	,0000	1,0000	,0000
5	,0872	,9962	,0875
10	,1736	,9848	,1763
15	,2588	,9659	,2679
20	,3420	,9397	,3640
25	,4226	,9063	,4663
30	,5000	,8660	,5774
35	,5736	,8192	,7002
40	,6428	,7660	,8391
45	,7071	,7071	1,0000
50	,7660	,6428	1,1918
55	,8192	,5736	1,4281
60	,8660	,5000	1,7321
65	,9063	,4226	2,1445
70	,9397	,3420	2,7475
75	,9659	,2588	3,7321
80	,9848	,1736	5,6713
85	,9962	,0872	11,4301
90	1,0000	,0000

Pati 2

28 Alicia mete yon blouz, yon jip, ak yon senti chak jou pou li vin lekòl. Li gen 3 blouz, 3 jip, ak 2 senti. Konbyen teni diferan Alicia ka mete?

Montre travay ou.

Repons _____ teni


Kontinye

29

Nan kadriyaj ki anba la a, trase epi make fòm jeyometrik yo A ak B apati de kowòdone somè yo bay pou chak.

Fòm A : (-5, 2), (-2, 2), (-5, 5), (-2, 5)

Fòm B : (-1, -2), (-6, -2), (-7, -5), (-2, -5)



Ki mezi sipèfisi inite kare a chak genyen?

Sipèfisi pou Fòm A _____ inite kare

Sipèfisi pou Fòm B _____ inite kare

30

Tyler vle yon pè soulye ki vann \$60,00. Li sèvi ak de koupon lè li achte soulye sa yo. Yon koupon se pou yon rabè 30% epi lòt koupon an se pou \$10,00 rabè. Moun ki nan kès lan pran koupon 30% a anvan, epi apre li soustrè \$10,00.



Koupon 1



Koupon 2

Pati A

Konbyen Tyler peye pou pè soulye a?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Pati B

Èske pri a ta diferan si moun ki nan kès la ta soustrè \$10,00 a anvan epi apre li te wete rabè 30% an? Sou liy anba la yo, montre kalkil ou oubyen sèvi ak mo pou eksplike li.

Kontinye


31 Lè Jimmy ak Shane al peche, Shane kenbe 2 pwason anplis pase twa fwa kantite pwason Jimmy kenbe. Ekri yon ekspresyon aljebrik ki reprezante ki kantite pwason Shane kenbe.

Ekspresyon _____

Itilize ekspresyon ou ekri anlè a pou detèminen ki kantite pwason Shane kenbe si Jimmy kenbe 2 pwason.

Repons _____ pwason

Harry resevwa 82 pwen apre li voye 14 flèch sou sib ki montre anba la a. Gen omwen yon flèch ki rive sou chak seksyon. Tout 14 flèch yo rive nan seksyon sou sib la.



Ki *pi piti* kantite fwa Harry ta ka touche zòn 1-pwen an?

Repons _____ fwa

Sou liy anba la yo, eksplike kouman ou te fè pou jwenn repons ou an.

Kontinye

33

Nan espas anba la a, itilize faktorizasyon nonm pwemye pou jwenn pi piti miltip komen pou 120 ak 252.


Montre travay ou.

Pi piti miltip komen _____

KANPE

PA vire paj sa a jistan ou gen pèmisyon pou sa.

34 Desen ki anba la montre dyagram jaden Veronica a.



Zòn ki kolore nan jaden an reprezante yon kare kawòt. Veronica estime ke li ap apeprè 40 kawòt nan kare ki montre anlè a. Veronica pral plante rès jaden li an ak kawòt.

Pati A

ESTIME kantite total kawòt li ka fè pouse.

Estime _____ kawòt

Pati B

Sou liy anba la yo, dekri ak ki pwosede ou sèvi pou detèmine estimasyon ou lan.

Kontinye

Nan makèt la, Shari ak Ethel ap ranje prezantasyon bwat fèblan yo pou fè de fòm ki diferan.

Pati A

Fin ranpli tablo ki anba la pou montre kantite bwat fèblan ap gen nan sa Shari prezante ak sa Ethel prezante nan chak ranje.

PREZANTASYON SHARI A

Ranje	Bwat fèblan
1	1
2	4
3	9
4	16
5	
6	
7	

PREZANTASYON ETHEL LA

Ranje	Bwat fèblan
1	1
2	3
3	5
4	7
5	
6	
7	

Pati B

Sou liy anba la yo, itilize vokabilè pou eksplike fòm chak prezantasyon.

Fòm prezantasyon Shari a _____

Fòm prezantasyon Ethel la _____

Pati A

Apatide pwopriyete asosyativite, ekri yon ekspresyon ki ekivo a $(16 + 3x) + x$.

Ekspresyon _____

Pati B

Ki valè a pou $(16 + 3x) + x$, lè $x = -8$?

Montre travay ou.


Repons _____

Kontinye

37 Sou kadriyaj ki anba la, gen twa nan kat somè yon kare ki detèminen.

Pati A

Detèminen katriyèm somè sou kadriyaj la pou w ka konekte somè yo pou fini kare a.



Pati B

Ki kowòdone katriyèm somè kare a?

Repons (_____ , _____)

Pati C

Ki longè, an inite, dyagonal kare a?

Repons _____ inite

38

Mark fè yon ranp pou esketbòd nan fòm yon triyang. Li 4,5 pye de longè ak 3 pyè de wotè. Li vle fè yon lòt ranp ki gen fòm yon triyang ki sanblab ak pwemye ranp lan. Nouvo ranp lan ap gen 4 pye wotè.

Ekri yon pwopòsyon Mark ka itilize pou li jwenn longè, x , nouvo ranp lan.

Pwopòsyon _____

Ki longè, an pye, nouvo ranp lan?

Montre travay ou.

Repons _____ pye

Kontinye

Pati A

Nan lekòl Randi a, 5 nan chak 7 elèv pran otobis pou yo vin nan lekòl la. Ki pousantaj elèv yo pran otobis? Awondi repons ou an nan dizyèm pi pre a.

Montre travay ou.

Repons _____ %

Pati B

Si gen 350 elèv nan lekòl Randi a, apeprè konbyen elèv ki pran otobis?

Montre travay ou.

Repons _____ elèv

40 Darnell vle achte beton pou pare pou melanje ak dlo pou lakou li a. Beton an ap ranpli yon espas ki mezire 54 pye pa 16 pye pa 6 pous.

Pati A

Ki kantite yad kibik beton tou prepare Darnell ap bezwen?

1 yad kibik = 27 pye kibik

Montre travay ou.

Repons _____ yad kibik

Pati B

Beton tou prepare a koute \$75,00 chak yad kibik. Ki kantite beton tou prepare a ap koute pou fè lakou Darnell la?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye

41 Ekri pwochen twa nonm yo nan sekans ki anba la a.

2, -8, 32, -128, _____, _____, _____

Sou liy anba la yo, dekri ak ki regularite ou itilize pou fini swit la.


42 Becky ap achte yon nouvo machin ki koute \$23.685. Li pral peye li pandan plis pase yon peryòd 60 mwa. Ki kantite Becky ap peye an mwens chak mwa si li mete yon depo \$3.000 an premye?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

43

Paralelogram ki montre anba la a gen kote ak longè ki 10 santimèt ak 20 santimèt.



Pati A

Kalkile wotè, an santimèt, paralelogram lan.

Montre travay ou.

Repons _____ sm

Pati B

Kalkile sipèfisi, an santimèt kare, paralelogram lan.

Montre travay ou.

Repons _____ sm²


Kontinye

44

Fich Amid la nan yon restoran te \$39,24. Li gen lentansyon kite 15% poubwa pou sèvè a. Sou liy anba la yo, eksplike kijan Amid ka ESTIME kantite poubwa a.

45

Dyagram ki anba la montre yon kamyon ak yon ranp ki itilize pou chaje epi dechaje mèb sou kamyon an. Ranp lan mezire 9 mè nan longè, epi li deplwaye depi kamyon an rive atè, li touche atè a nan yon ang ki mezire 10° .



(NOTE BYEN: pa bon echèl)

Konbyen mè an lè atè a ekstremitè ranp lan ye kote li konekte ak kamyon an?

Montre travay ou.

Repons _____ mè

KANPE

Place Student Label Here



Liv 2
Matematik
Klas 8
10 e 11 me, 2005

The McGraw-Hill Companies
